

HAITIAN EDITION
U.S. HISTORY AND GOVERNMENT
THURSDAY, JUNE 20, 2002
9:15a.m. to 12:15 p.m., only

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi 20 jen 2002 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.*

- 1 Gen anpil kolonis ameriken ki te kont sistèm mèkantil angle a paske li te
 - (1) mete limit sou imigrasyon
 - (2) dekoraje espòtasyon matyè premyè pou voye yo Angletè
 - (3) mete restriksyon sou komès
 - (4) ankouraje endistri nan koloni
- 2 *Mayflower Compact* (Konpak Mayflower), *House of Burgesses* (Paleman), ak *Fundamental Orders of Connecticut* (Òd Fondamantal Konektikit), tout se egzanp efò Ameriken nan koloni yo t ap fè pou
 - (1) sèvi ak metòd demokratik nan gouvènman
 - (2) di yo kont politik Angletè nan zafè tè
 - (3) tabli libète nan reliyion
 - (4) jete gouvènè wayal angle yo
- 3 Kòm Atik Konfederasyon yo pa t prevwa okenn pouvwa egzekitif ak jidisyè nan nivo nasyonal, sa kapab vle di fondatè republik ameriken yo
 - (1) te pran chans pou yo gen tirani, pou yo te kapab rive gen yon gouvènman nasional ki mache byen
 - (2) te kopye konstitisyon Angletè a
 - (3) te mete plis enpòtans sou inite nasional pase sou souvrènte Eta yo
 - (4) te pè genyen yon gouvènman santral ki twò pisan
- 4 Deklarasyon Endependans la ak Lwa sou Dwa Sitwayen yo sanble, paske tou de
 - (1) sipòte yon sistèm gouvènman federal
 - (2) kenbe enpòtans yon chèf egzekitif ki pisan
 - (3) tabli yon sistèm pou kontwòl ak ekilib
 - (4) sipòte limit sou pouvwa gouvènman

Baze repons ou pou kesyon 5 ak 6 sou deklarasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Patisipan A: Nan dènye analiz la, yon lidè pa gen kont pou 1 rann bay pèp li; sèl moun li gen pou 1 rann kont se Bondye, paske se Bondye ki bay lidè a dwa gouvènèn.

Patisipan B: Tout sitwayen gen dwa pou 1 genyen yon vwa nan gouvènman. Kididonk, moun ki dwe gouvènèn, se reprezantan sitwayen yo mete avèk eleksyon dirèk, pou reprezantan sa a yo fè tandem vwa sitwayen yo.

Patisipan C: Listwa aprann nou lè pouvwa politik konsantre yon sèl kote, sa lakòz abi nan pouvwa sa a. Kididonk, pouvwa dwe separe ant gouvènman nasional, gouvènman Eta yo, ak gouvènman lokal.

Patisipan D: Lavi a se yon batay. Moun ki pran pouvwa politik epi ki rive kenbe pouvwa nan yon sosyete, se moun ki pi fò ak pi konpetan nan sosyete sa a, epi ki merite pou yo gouvènèn.

5 Prensip federalis ki nan Konstitisyon Etazini a tonbe dakò pi byen avèk lide Patisipan

- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |


6 Pandan listwa t ap pase, Etazini swiv prensip Patisipan B a; se konsa Etazini

- | | |
|--|---|
| (1) kenbe separasyon legliz ak leta | (2) pran lòt amannman konstitisyonèl nèf pou fè dwa vote yo vanse |
| (3) bay Tribunal Siprèm yon pi gwo wòl nan gouvènman | (4) adopte eleksyon dirèk pou prezidan |

- 7 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki dekri yon karakteristik demokrasi ki parèt nan Konstitisyon Etazini?
- (1) Nan Kongrè, pati ki gen pouvwa politik la, se pati prezidan peyi a.
 - (2) Tribunal Siprèm lan fè revizyon sou tout lwa Kongrè vote.
 - (3) Sitwayen yo chwazi reprezantan yo nan Kongrè.
 - (4) Prezidan an kapab mande Kongrè tann kabinè apwouye lwa pou li pran.
- 8 Pouvwa Konstitisyon Etazini a ta vle pale yo montre moun ki ekri Konstitisyon an te rekònèt
- (1) pouvwa gouvènman yo te bezwen kapab adapte lè gen chanjman
 - (2) yo te bezwen pwoteje dwa Eta yo
 - (3) pouvwa Tribunal Siprèm te bezwen yon kontrepwa
 - (4) premye sa gouvènman vle, se defann dwa sitwayen yo
- 9 Kisa ki te de presedan pi enpòtan George Washington te tabli pandan li te prezidan?
- (1) èd pou plantè epi aboli komès esklav
 - (2) vòt inivèsèl pou gason, ak sipò pou pati politik yo
 - (3) rete net nan politik etranjè, epi sèvi ak konseye pou prezidan
 - (4) tarif pwoteksyonis, epi alyans avèk peyi etranje pandan tan lapè
- 10 « Yon bagay ki klè, se depatman lajistis ki gen dwa ak responsabilite pou di kisa lalwa vle di . . . »
- *Marbury v. Madison*, 1803
- Deklarasyon sa a montre Tribunal Siprèm lan di konsa
- (1) tribunal yo dwe swiv Konstitisyon an yon jan ki egzak
 - (2) tribunal yo dwe apwouye lwa federal yo, anvan pou lwa sa a yo antre annaksyon
 - (3) pouvwa jidisyè dwe jwe yon wòl nan pase amannman
 - (4) se tribunal ki gen dwa fè revizyon jidisyè
- 11 Pou tabli kredi gouvènman Etazini, pwogram finans Alexander Hamilton lan te
- (1) prevwa pou peye dèt peyi a
 - (2) mete taks sèlman sou moun ki te pi kapab peye taks yo
 - (3) ankouraje agrikilti plis pase endistri
 - (4) ankouraje depans pou defans nasyonal
- 12 « Yon kay ki gen divizyon ladan l pa kapab kanpe. Mwen kwè gouvènman sa a pa kapab sipòte tout tan pou genyen mwatye moun lib, ak mwatye esklav. »
- Abraham Lincoln, 1858
- Dapre sitasyon sa a, Abraham Lincoln te kwè
- (1) esklavaj te immoral epi li te dwe aboli touswit
 - (2) diferans ant sektè yo te yon menas ki te kapab detwi Inyon an
 - (3) Eta nan Sid yo te dwe gen dwa fè sesesyon
 - (4) pou sove peyi a, Nò a ta dwe antre nan konpwomi ak Sid la sou kesyon esklavaj la
- 13 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki montre pi byen ki plan Prezidan Abraham Lincoln te genyen pou Rekonstriksyon apre Gè Sivil la?
- (1) Yo dwe fè moun nan Sid yo peye pou rebelyon yo.
 - (2) Inyon an dwe retabli pi vit ki posib.
 - (3) Yo dwe bay Nwa Ameriken yo tè gratis.
 - (4) Dwe genyen okipasyon militè pou touche pou dega lagè a te fè.
- 14 Pandan peryòd Rekonstriksyon, lè Eta nan Sid yo te adopte *Black Codes* (Lwa pou Nwa yo), Eta yo te vle eseye
- (1) bay ansyen esklav yo tè
 - (2) pini ansyen chèf Konfedere yo
 - (3) aboli lwa Jim Crow yo
 - (4) refize bay Nwa Ameriken menm dwa ak lòt moun

- 15 Apre Rekonstriksyon, espresyon *New South* la (Sid Tou Nèf) te sèvi pi souvan pou dekri
- chanjman nan ekonomi Sid la
 - atitud nèf nan relasyon ant ras yo
 - kwasans Pati Repiblikan an nan Sid la
 - kouman sistèm demwatye a t ap bese
- 16 « **Lidè Sendikalis ki Egzekite Paske yo te Òganize Dezòd nan Haymarket »**
« Yo Mobilize Milis Eta a pou Kraze Grèv nan Homestead »
« Yo Mete 1 000 Moun nan Prizon pandan Travayè nan Min Lajan ap Pwoteste kont Salè ki Bese »
- Kilès nan deklarasyon sa a yo, sou sendika travayè nan dènye ane 1800 yo, tit jounal sa a yo ap pale?
- Pi souvan, lè sendika travayè t ap fè grèv, piblik la te sipòte yo.
 - Anpil fwa, gouvènman te kont aktivite sendika travayè yo.
 - Pi souvan, revandikasyon sendika travayè yo te rive jwenn satisfaksyon.
 - Yo te konn sèvi ak abitraj anpil lè te gen pwoblèm ak sendika yo.
- 17 « Kòm mwayen transpò yo se mwayen pou echanj epi se yon nesesite piblik, se gouvènman ki ta dwe pwopriyetè ak administratè ray tren yo, nan enterè pèp la. » (1892)
- Ki gwoup ki montre li te sipòte lide sa a pi plis?
- | | |
|------------------------|----------------------------|
| (1) plantè nan wès yo | (3) pwopriyetè izin yo |
| (2) lidè sendikalis yo | (4) pwopriyetè ray tren yo |
- 18 Pandan dènye ane 19yèm syèk ak premye ane 20yèm syèk yo, rezon entèvansyon Etazini nan Amerik Latin, se te paske Etazini te vle
- fè enfliyans kominis bese
 - kontwole mouvman endependans nan Amerik Latin yo
 - ankouraje Ewòp vin kolonize zòn lan
 - pwoteje envestisman ameriken ki t ap monte nan Amerik Latin
- 19 Kisa ki te premye rezon Etazini te antre nan Premye Gè Mondyal la, nan ane 1917?
- Lig Nasyon yo te mande yon koudmen.
 - Yo te fè *Maine* sote nan *Havana Harbor* (lanmè La Avan).
 - Tirani Nazi te menase demokrasi oksidantal.
 - Soumaren Alman te koule bato komèsyal ameriken.
- 20 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki rezime pi byen sa Prezidan Theodore Roosevelt te kwè sou konsèvasyon?
- Se sektè prive a ki kapab pran pi bon desizyon sou kesyon anviwonnanman.
 - Kle pou devlopman biznis, se pou pèmèt antre nan resous yo san limit.
 - Nan enterè piblik la, zòn sovaj yo ak resous yo ta dwe pwoteje.
 - Yo ta dwe kite Eta yo pran desizyon sou jan pou sèvi ak resous natirèl yo.
- 21 Rezon ki fè mouvman Popilis la ak mouvman Pwogresif la te sanble, nan kote yo te kanpe sou kesyon refòm, se paske tou de te
- dakò pou pouwva retounen nan men gouvènman Eta yo
 - ankouraje fè grèv ak pwotestasyon ki gen vyolans kont òganizasyon gwo biznis yo
 - kont atitud lesegrennen nèt gouvènman federal te pran an
 - fè kanpay pou bay Nwa Ameriken egalite sosyal ak ekonomik touswit
- Baze repons ou pou kesyon 22 ak 23 sou deklarasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.
- Patisipan A:* [Nwa Ameriken] mande egalite — egalite politik, egalite nan endistri, ak egalite sosyal; epi yo p ap janm kontan toutotan yo pa jwenn tout bagay sa a yo.
- Patisipan B:* Enstalasyon ki egal men separe pou blan ak pou moun koulè, se pou defann lapè piblik ak lòd.
- Patisipan C:* Lekòl pwofesyonèl pral pèmèt Nwa Ameriken jwenn mwayen pou rive genyen libète sivik yo merite yo.
- Patisipan D:* Pi bon solisyon pou [Nwa Ameriken] jwenn egalite, se retounen nan kote yo soti a, nan Afrik.
- 22 Kilès nan patisipan sa a yo ki parèt li pi dakò ak sa W. E. B. Du Bois te kwè?
- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |
- 23 Kilès nan patisipan yo ki pi sanble li ta sipòte lwa Jim Crow ki te parèt pandan ane 1890 yo?
- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

Baze repons ou pou késyon 24 ak 25 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *A Political Cartoon History of the United States* [Istwa Politik Etazini sou Desen], Scott Foresman (adapte)

24 Kilès nan metòd ki te sèvi pandan 19yèm syèk yo, desen sa a montre?

- (1) fòme kowoperativ
- (2) tabli zòn komèsyal
- (3) kreye monopòl
- (4) devlope mache global

25 Desinatè a sanble li ta pi dakò pou sipòte efò gouvènman federal la ap fè pou

- (1) pase lwa kont monopòl
- (2) limite règleman y ap mete sou biznis
- (3) tabli tarif ki wo
- (4) rete polisyon endistriyèl

Baze repos ou pou kesyon 26 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *Triumph of the American Nation* [Triyon Pèp Ameriken], Harcourt Brace

- 26 Desen sa a montre efò Prezidan Theodore Roosevelt fè pou eseye
- pa okipe lwa kont monopòl yo
 - konsève resous natirèl
 - limite pouvwa monopòl yo
 - anpeche konpayi etranje pwopriyetè kòporasyon nan Etazini
-
- 27 Poukisa Sena te refize ratifye Trete Vèsay la (1919)?
- pou anpeche mare pye Etazini nan akò ak peyi etranje
 - pou montre yo te kont sanksyon di ki te pran kont Almay
 - pou Etazini pa t oblige peye kotizasyon nan Lig Nasyon yo
 - pou fè fòs militè Etazini bese nan Ewòp
- 28 Pandan ane 1920 yo, kilès nan faktè ekonomik sa a yo ki te mennen nan *Great Depression* (Gwo Depresyon an)?
- Te manke envestisman nan *stock market* (mache aksyon yo)
 - Etazini t ap eseye ankouraje komès lib
 - Te manke devlopman nan endistri byen konsomasyon
 - Yo te pwodwi twòp nan agrikilti ak nan machandiz manifikte

- 29 Yon diferans ki te genyen ant administrasyon Prezidan Franklin D. Roosevelt ak administrasyon Prezidan Herbert Hoover se paske Roosevelt
- pa t vle pèmèt ajans gouvènman òganize pwogram pou fè moun jwenn travay
 - pa t kapab fè Kongrè sipòte pwogram ekonomik li
 - te kapab pa okipe kesyon ekonomik pandan pifò nan premye manda li kòm prezidan
 - te pi fasil pou fè gouvènman antre annaksyon pou rezoud pwoblèm ekonomik
- 30 *National Labor Relations Act* (Lwa Nasyonal sou Relasyon ak Travayè yo, ki te rele Lwa Wagner) nan ane 1935, bay sendika travayè yo dwa
- reprézente travayè nan negosyasyon kolektif
 - ensiste pou ouvri sendika nan kote moun ap travay
 - tabli kota sou imigrasyon
 - sèvi ak lis nwa epi ak kontra jòn
- 31 Reyakson Prezidan Franklin D. Roosevelt lè Tribunal Siprèm te pran desizyon deklare plizyè lwa nan *New Deal* (Akò Nèf la) pa konstitisyonèl, se te
- mande Kongrè limite jiridiksyon Tribunal la
 - vini avèk lwa ki te fè Tribunal la gen plis jij ladan 1
 - mande plizyè jij bay demisyon yo
 - pa okipe desizyon Tribunal la
- 32 Anvan Etazini antre nan Dezyèm Gè Mondyal, Kongrè te pase lwa lwa 1939 *Cash-and-Carry Act* (Touche-epi-Pote-Ale a) epi lwa 1941 *Lend-Lease* (Prete-Anfème a). Aksyon sa a yo nan politik etranjè montre Etazini te
- bay ni Peyi Alye yo, ni Peyi Aks yo menm sipò
 - eseye anpeche kominis gaye toupatou
 - kenbe yon politik izolasyonis fèm
 - antre pi fon jou apre jou nan lagè Ewòp la
- 33 Yon bagay ki sanble ant Doktrin Truman lan ak Doktrin Eisenhower la, tou de te vle
- limite kominis pou anpeche l gaye toupatou
 - ede devlope pwogram spasyal la
 - limite èd Etazini te bay peyi etranje
 - ede nan rebelyon kont Inyon Sovyetik

Baze repons ou pou kesyon 34 sou sitasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

«... nou konnen gen rezidan Japonè nan Kalifòni ki t ap chache ede enmi japonè yo, nan enfòmasyon yo te voye ba yo... »


— Culbert Olson, Gouvènè Kalifòni, fevriye 1942

- 34 Deklarasyon sa a te ede enfliyanse Prezidan Franklin D. Roosevelt pou li te

- (1) mande Kongrè deklare lagè kont Japon
- (2) fose pifò Japonè Ameriken ki te Etazini pati
- (3) voye lame federal veye kapital Kalifòni a
- (4) limite libète sivil Japonè Ameriken yo

Baze repons ou pou kesyon 35 sou dyagram ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Modèl lavi ameriken nan lavil ak nan banlye



- 35 Ki devlopman, apre Dezyèm Gè Mondyal la, ki te lakòz modèl lavil-banlye ki parèt nan dyagram lan?

- (1) te vin gen plis plantasyon
- (2) te vin gen plis otowout epi plis moun te vin gen oto
- (3) pifò izin yo te deplase pou ale enstale nan zòn riral
- (4) kantite fanmi klas mwayèn yo te vin pi ba

- 36 Lè yo te fè jijman ofisyè Alman ak Japonè pou krim lagè apre Dezyèm Gè Mondyal la, sa te montre

- (1) li difisil pou kondane lidè yo pou krim kont limanite
- (2) pandan lagè, yo dwe bay sitwayen sivil yo plis dwa sivik
- (3) yo kapab rann yon moun responsab pou krim li komèt kont sivil, pandan lagè
- (4) pandan lagè, zak jenosid yo akseptab

- 37 Nan epòk ki te vini apre Dezyèm Gè Mondyal la, Senatè Joseph McCarthy ak *House Un-American Activities Committee* (Komite Lachann sou Aktivite Anti Ameriken an) te eseye

- (1) devlope yon sistèm efikas pou espyone lòt peyi
- (2) fè pwogram *Cold War* (Lagè San Tire a) tounen yon priyорite nan politik etranjè Etazini
- (3) idantifye kominis ki nan gouvènman ak lòt kote nan popilasyon Etazini a
- (4) tabli yon politik detant ak Inyon Sovyetik

- 38 Ki konsepsyon politik etranjè ki te enfliyanse desizyon Etazini pou 1 antre nan konfli militè nan Azi Sidès pandan ane 1950 ak 1960 yo?

- | | |
|-------------|--------------------------|
| (1) apezman | (3) kowegzistans pasifik |
| (2) detant | (4) teyori domino |

- 39 Rezon pou lwa federal sou dwa vòt ki te pase nan ane 1950 ak 1960 yo, se te pou

- (1) retounen kontwòl règleman sou vòt yo bay Eta yo
- (2) retire baryè rasyal ki te genyen pou vote
- (3) pèmèt fanm vote nan Etazini
- (4) anpeche imigran ki fèk vini yo vote

- 40 « Mwen ta vle dakò ak Sen Ogisten pou m di ‘Yon lwa ki pa jis, se pa yon lwa li ye’ ».

— Doktè Martin Luther King, Jinyò « Letter From Birmingham City Jail »
[Lèt Ki Soti Nan Prizon Birmingham City]

Doktè King te fè deklarasyon sa a pou sipòte


- (1) Dawinis Sosyal
- (2) Lwa Jim Crow yo
- (3) separasyon legliz ak leta
- (4) desobeyisans sivik

- 41 Kilès nan sitiyasyon sa a yo ki te rezulta Gè Vyvetnam lan?
- (1) Vyvetnam Sid te kapab kontinye rete yon peyi ki pa kominis.
 - (2) Etazini poze tèt li késyon sou wòl li kòm jandam sou latè.
 - (3) Richard Nixon te oblige bay demisyón 1 kòm prezidan.
 - (4) Kongrè te aboli lwa sou *War Powers Act* (lwa sou Pouwva Pandan Lagè a).

- 42 Kilès nan inisyativ sa a yo ki te antre nan pwogram *Great Society* (Bèl Sosyete) Prezidan Lyndon Johnson lan ?
- (1) fè moun pòv ak moun anpil laj jwenn swen medikal
 - (2) bese asistans federal pou edikasyon
 - (3) bay Inyon Sovyetik plis èd etranjè
 - (4) anpeche lwa sou dwa sivik moun

Baze repons ou pou késyon 43 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.


Anlè Nenpòt ki Biwo



Sous: Herblock, *America, the Glorious Republic*
[Etazini, Republik ki Gen Laglwa], Houghton Mifflin Co.

- 43 Ki lide prensipal ki nan desen sa a, ki te fèt nan epòk Watergate?
- (1) Tribunal Siprèm ap prezide nan yon ijiman pou revoke prezidan peyi a.
 - (2) Kongrè dwe respekte Konstitisyon an.
 - (3) Se prezidan an ki pran dènye desizyon an, sou késyon ki gen rapò ak Konstitisyon.
 - (4) Nanpwen pèsonn, ni okenn gwoup ki pi wo pase lalwa.

Baze repons ou pou késyon 44 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Steve Kelley, Copley News Service (Sèvis Nouvel Copley)


- 44 Desen sa a, ki te fèt an 1991, ap kritike Prezidan George Bush paske li te
- (1) refize sipòte Nasyonzini
 - (2) mete Etazini nan lagè kont peyi etranje
 - (3) sèvi ak pwoblèm lòt peyi pou kache pwoblèm anndan Etazini
 - (4) pa okipe bezwen ekonomik peyi k ap devlope yo

- 45 Lè jenerasyon bebiboum lan ap vin granmoun, sa kapab lakòz
- (1) depans Sekirite Sosyal monte
 - (2) pri swen pou sante bese
 - (3) mwens tibebe ap mouri nan Etazini
 - (4) bidjè federal la ekilibre

- 46 Enfòmasyon sou population ki soti nan resansman 2000 la te sèvi pou kalkile kantite
- (1) Eta nan Inyon an
 - (2) senatè pou chak Eta
 - (3) vòt kolèj elektoral pou chak Eta
 - (4) jij nan Tribunal Siprèm

Baze repons ou pou kesyon 47 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Kantite Moun ki Gen 85 an oswa Pi Plis nan Popilasyon Etazini



*Pwojte

47 Kisa gouvènman federal la te ofri fè pou rezoud pwoblèm y ap pale nan pòtre a?

- (1) tabli yon politik nasyonal pou moun fè yon sèl pitit
- (2) fè pwogram Medicare la pi gwo
- (3) devlope yon pwogram nasyonal pou okipe pitit moun ki ale nan travay
- (4) elimine avantaj Sekirite Sosyal pou Ameriken ki gen plis pase 85 an

48 Rezulta 14yèm ak 15yèm Amannman, ki te pase pandan Rekonstriksyon an, se te

- (1) dwa egal pou fanm nan Etazini
- (2) plis dwa pou Endyen Ameriken Natif Natal ki nan rezèvasyon yo
- (3) plis dwa pèsonèl pou Nwa Ameriken
- (4) plis dwa pou segregasyonis nan Sid yo

Baze repons ou pou kesyon 49 ak 50 sou powèm ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

« Mwenmenm Tou, M ap Chante Viv Lamerik »

Mwenmenm tou, m ap chante viv Lamerik.

Mwen se frè ki gen po nwa a.
Yo voye m manje nan kuizin
Lè gen vizit ki vini,
Lè konsa mwen ri,
Epi mwen byen manje,
Epi mwen pran fòs.

Demen,
M ap chita bò tab la
Lè gen vizit ki vini.
Pèsonn pa pral kapab
Di m
« Al manje nan kuizin »,
Lè sa a.

Epi tou,
Y ap wè jan mwen bèl
Epi y ap wont—

Mwenmenm tou, mwen se Lamerik.

— Langston Hughes, 1926

49 Powèm sa a, se te yon kontribisyon literè ki soti nan

- | | |
|-------------------------|-------------------------|
| (1) mouvman abolisyonis | (3) mouvman Pwoyibisyon |
| (2) Epòk Pwogresif | (4) Renesans Alèm |

50 Premye objektif powèm sa a, se te pou

- | |
|--|
| (1) fini ak enstitisyon esklavaj |
| (2) montre Nwa Ameriken gen respè pou tèt yo |
| (3) kenbe ras yo separe |
| (4) fè pwomosyon mouvman pou tounen nan Afrik la |

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) **esplike vle di « fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la »**
- (b) **montre vle di « fè parèt; di aklè ki pozisyon oswa ki lide ki genyen; pou fè sa, di ki sa li ye epi bay enfòmasyon ki sipòte sa ou di a »**

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

Tèm: Ka ki Pase nan Tribunal Siprèm sou Libète Sivik Konstitisyonèl

Tribunal Siprèm Etazini jwe yon wòl enpòtan swa pou fè libète sivik konstitisyonèl yo vin pi plis, swa pou limite libète sa a yo nan Etazini.

Objektif Travay la:

Identifye **de** ka ki pase nan Tribunal Siprèm epi ki te fè yon gwo enpak sou libète sivik nan Etazini. Pou **chak** ka ou identifye:

- Esplike kisa ki te pase nan ka a
- Identifye yon kesyon egzak sou libète sivik konstitisyonèl Tribunal Siprèm lan te trete
- Esplike kouman desizyon Tribunal Siprèm lan te swa fè yon libète sivik konstitisyonèl pran fòs, swa limite libète sa a nan Etazini

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki ka ou jwenn ki bon, nan etid ou fè sou Istwa Etazini. Men kèk sijesyon ki kapab sèvi w pou sa: *Plessy v. Ferguson* (1896), *Schenck v. United States* (1919), *Korematsu v. United States* (1944), *Brown v. Board of Education of Topeka* (1954), *Mapp v. Ohio* (1961), *Gideon v. Wainwright* (1963), *Miranda v. Arizona* (1966), *Tinker v. Des Moines School District* (1969), oswa *New Jersey v. T.L.O.* (1985).

Pa considere sijesyon sa a yo sèlman.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay la*
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay la* sèlman, epi rezime tèm nan pou konklizyon an

Twazyèm Pati**KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-7). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Politik imigrasyon Etazini chanje anmezi tan pase, pou montre bezwen ak atitud pèp ameriken.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Esplike ki politik ak aksyon Etazini te pran sou imigrasyon, ki te fè enpak sou imigrasyon moun nan Etazini
- Montre kouman politik oswa aksyon sa a yo te montre bezwen ak atitud pèp ameriken, nan tan sa a.

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

An jeneral, gwoup [travayè Chinwa yo] dousman, yo pezib, yo gen pasyans, yo renmen travay, epi yo pa depanse anpil. Yo pran plis prekosyon, epi yo fè plis ekonomi [pase travayè blan yo], sa ki fè yo kontan salè yo touche. Nou wè yo òganize pou youn ede ak sipòte lòt. San yo, li pa ta posib pou fin bati segman wès nan gwo travay nasyonal sa a [ray tren ki travèse kontinan an] nan tan Lwa Kongrè a bay la.

—Leland Stanford, prezidan *Central Pacific Railroad*
(Ray Tren Pasifik Santral), 1865

- 1 Poukisa Leland Stanford te kwè travayè Chinwa yo te enpòtan pou fin bati ray tren an? [1]

Score-Nòt

Dokiman 2



Sous: *The Granger Collection* [Koleksyon Granger], (adapte)

- 2 Kisa desen an montre sou politik imigrasyon Etazini an 1880? [1]

Score-Nòt

Dokiman 3

... youn nan reprezantan gwo patwon ameriken yo te vini Bugiarno pou rekrite gason pou travay nan min fè nan Misouri. Konpayi an peye pou biyè yo, men mesye yo te oblige travay pandan yon ane konsa, pou remèt lajan biyè yo, epi yo te oblige travay yon lòt ane ankò pou yo te kapab voye chache madanm yo ak fanmi yo. Se poutèt sa fwa sa a, lè reprezantan an vini, Santino ak kèk zanmi antre nan gwoup la, epi yo pati pou Etazini.

— Rosa Cristoforo, imigre italien 1884

- 3a Dapre pasaj sa a, poukisa reprezantan yo te ankouraje Italien yo emigre pou ale Etazini? [1]

Score-Nòt

- b Kouman reprezantan yo te ankouraje Italien yo ale Etazini? [1]

Score-Nòt

Dokiman 4

6 me 1882. CHAP. 126.—Yon lwa pou egzekite kèk nan kondisyon nan trete sou Chinwa a.

KÒM DAPRE SA Gouvènman Etazini kwè, lè travayè Chinwa antre nan peyi isit, sa mete dezòd nan kèk kominate nan peyi a: Kididonk,

Se pou Sena ak Chanm Depite Etazini deside, nan yon asanble jeneral Kongrè, apre katre vendi jou pase depi dat yo adopte lwa sa a, epi jouk dis ane pase depi dat yo adopte lwa sa a, travayè chinwa pa gen dwa antre Etazini ankò; epi pandan peryòd sispansyon sa a, lalwa defann travayè Chinwa vini isit, epi si yo antre nan peyi a, yo pa gen dwa rete plis katre vendi jou.

— *Chinese Exclusion Act (Lwa pou Defann Chinwa Antre)*

- 4a Dapre pasaj sa a, ki rezulta Lwa pou Defann Chinwa Antre a te genyen sou imigrasyon Chinwa nan Etazini? [1]

Score-Nòt

- b Dapre pasaj sa a, ki rezon gouvènman Etazini te bay pou pran lwa sa a? [1]

Score-Nòt

Dokiman 5

Imigrasyon Anvan ak Apre Lwa sou Kota yo	Pou Moun Ki Soti nan Nò ak Wès Ewòp	Pou Moun Ki Soti nan Sid ak Ès Ewòp ak nan Azi
Kantite mwayenn imigran pou chak ane anvan kota yo (1907–1914)	176,983	685,531
Lwa Ijans Ane 1921 sou Kota	198,082	158,367
Amanman 1924 Lwa Ijans sou Kota	140,999	21,847
Lwa 1929 sou Orijin Nasyonal	132,323	20,251

— *Historical Statistics of the United States* [Estatistik Istorik Etazini]

- 5 Dapre tablo sa a, ki rezulta lwa sou kota yo te genyen sou imigrasyon nan Etazini? [2]

Score-Nòt

Dokiman 6

Yo jije nou nan yon tan ki pase kounye a nan listwa. Sa mwen vle di, se yon tan lè... moun pa t vle wè, lè moun te rayi moun k ap defann prensip nou yo, etranje, disidan, epi mwen kwè – mwen ta kapab di mwen sèten ni oumenm, ni Msye Katzmann, nou fè tout efò... nou te kapab pou fè moun nan jiri yo rayi nou plis toujou, pou nou brase prejije yo kont nou....

Men sèlman, konviksyon m di m konsa mwen soufri pou bagay mwen koupab vre. M ap soufri paske mwen se yon radikal epi, an verite, mwen se yon radikal vre; mwen soufri paske mwen se Italyen, epi mwen se Italyen vre; mwen soufri plis pou fanmi m ak pou madanm cheri mwen, pase mwen soufri pou tèt mwen....

— Bartolomeo Vanzetti, ki t ap pale ak Jij Thayer apre yo te kondane 1 pou 1 mouri,
ka *Sacco-Vanzetti*, 9 avril 1927

6 Di **de** rezon ki fè moun ki pale a te kwè yo te jije 1. [2]

(1) _____

Score-Nòt

(2) _____

Score-Nòt

Dokiman 7

Pwojè lwa sa a di sèlman, koumanse depi jodi a, moun ki vle antre Etazini pral gen pèmisyon pou yo antre sou baz konpetans yo ak si yo se fanmi pre yon lòt moun ki dejá isit.

Se yon tès ki senp, epi se yon tès ki jis. Moun ki kapab pote pi bon kontribisyon nan peyi isit – nan fè peyi a vanse, nan fè peyi a fò, nan bay peyi a nanm – se premye moun yo pral pèmèt antre nan peyi a.

Se yon tès ki tèlman parèt jis, n ap mande poukisa li pa t ko sèvi anvan. Sèlman, verite a se pandan plis pase karant an, politik imigrasyon Etazini vire lanvè ak defòme poutèt gwo enjistis ki genyen nan sistèm kota ki baze sou orijin nasyonal la.

Dapre sistèm sa a, se dapre peyi kote yon moun soti yo pran desizyon pou kite w vini Etazini...

Yo kenbe fanmi separe paske yon mari, oswa yon madanm, oswa yon pitit pa t fèt nan kote sistèm la vle.

Yo te anpeche moun ki te gen talan ak konpetans peyi a bezwen antre, paske yo te soti nan yon peyi Sid oswa Ès Ewòp, oswa nan youn nan kontinan k ap devlope yo....

— Kòmantè Prezidan Lyndon B. Johnson te fè, lè li t ap siyen lwa 1965 sou imigrasyon an

7a Dapre pasaj sa a, sou ki baz yo te pèmèt imigran antre Etazini pandan karant ane ki te anvan 1965 yo? [1]

Score-Nòt

b Dapre pasaj sa a, kouman lwa 1965 sou imigrasyon an te chanje sou ki baz yo pèmèt imigran antre Etazini? [1]

Score-Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** (4) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Politik imigrasyon Etazini chanje anmezi tan pase, pou montre bezwen ak atitud pèp ameriken.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

- Esplike ki politik ak aksyon Etazini te pran sou imigrasyon, ki te fè enpak sou imigrasyon moun nan Etazini.
- Montre kouman politik oswa aksyon sa a yo te montre bezwen ak atitud pèp ameriken, nan tan sa a.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay la*; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **kat** (4) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay la* oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi, 20 jen 2002 — 9:15 pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la G/F: Gason
 Non Pwofesè a Fi
 Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

1.....	26.....
2.....	27.....
3.....	28.....
4.....	29.....
5.....	30.....
6.....	31.....
7.....	32.....
8.....	33.....
9.....	34.....
10.....	35.....
11.....	36.....
12.....	37.....
13.....	38.....
14.....	39.....
15.....	40.....
16.....	41.....
17.....	42.....
18.....	43.....
19.....	44.....
20.....	45.....
21.....	46.....
22.....	47.....
23.....	48.....
24.....	49.....
25.....	50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

**Final Score
(obtained from conversion chart)**

No.
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

